

<b>radial symmetry</b>	<b>simetri radyal</b>	plan kò yon zannimo ki ka divize toutolon nenpòt plan, atravè yon aks santral, an mwaye ki apeprè egal.
<b>radiation</b>	<b>radyasyon</b>	Reyon ak patikil—patikil alfa ak beta ak reyon gama—sibstans radyo-aktif emèt.
<b>radioactive decay</b>	<b>dezentegrasyon radyo-aktif</b>	Yon pwosesis natirèl kote nwayo esntab yo pèdi enèji lè yo emèt radyasyon.
<b>radioactivity</b>	<b>radyo-aktivite</b>	Pwosesis kote kèk sibstans emèt radyasyon natirèlman.
<b>radioisotopes</b>	<b>radyo-izotòp</b>	Izotòp atòm ki gen nwayo enstab epi ki emèt radyasyon pou jwenn plis konfigirasyon atomik estab.
<b>ray</b>	<b>reyon</b>	Yon liy ki ka montre nan ki direksyon yon onn ap fè epi ki desinen nan yon ang ki dwat ak krèt yon onn.
<b>reactant</b>	<b>reyaktif</b>	Sibstans ki kòmanse nan yon reyaksyon chimik.
<b>reaction rate</b>	<b>vitès reyaksyon</b>	Chanjman nan konsantrasyon yon reyaktif oswa yon pwodui pou chak tan initè; anjeneral li kalkile epi eksprime an mòl pou chak lit pa segonn.
<b>receptors</b>	<b>reseptè</b>	akseptè sou selil sib ki fè lyezon avèk òmòn espesifik.
<b>recessive</b>	<b>resesif</b>	karakteristik yon òganis fòm domina yon karakteristik ka kache.
<b>recharge</b>	<b>rechaj</b>	Pwosesis kote dlo presipitasyon ak ekoulman ajoute ak zòn satirasyon.
<b>reclamation</b>	<b>rekiperasyon</b>	Pwosesis kote yon konpayi eksplwatasyon min rekonstitiye tè ki itilize pandan operasyon min nan perimèt inisyal li epi li replante vejetasyon.
<b>red blood cells</b>	<b>gloobil wouj</b>	selil won an fòm disk ki nan san an ki pote oksijèn nan selil kò a; li reprezante 44 pousan volim total san an.
<b>redox reaction</b>	<b>reyaksyon redòks</b>	Yon reyaksyon ki redui oksidasyon.
<b>reducing agent</b>	<b>ajan rediktè</b>	Sibstans ki diminye yon lòt sibstans lè li pèdi elektwon.
<b>reduction</b>	<b>rediksyon</b>	Gen elektwon pou atòm yon sibstans; li diminye degre oksidasyon yon atòm.
<b>reflecting telescope</b>	<b>teleskòp reflektè</b>	Yon kalite teleskòp ki itilize miwa pou konsantre limyè vizib.
<b>reflex</b>	<b>reflèks</b>	Repons senp ak otomatik nan yon zannimo ki pa konsène kontwòl konsyan; anjeneral, li aji pou pwoteje yon zannimo kont blesi grav.

<b>refracting telescope</b>	<b>teleskòp refraktè</b>	Yon kalite teleskòp ki itilize lantiy pou konsantre limyè vizib.
<b>refraction</b>	<b>refraksyon</b>	Chanjman nan direksyon onn nan limit ant de (2) medya diferan.
<b>regeneration</b>	<b>rejenerasyon</b>	replasman oswa re-devlopman pati kò ki pèdi.
<b>relative humidity</b>	<b>imidite relatif</b>	Rapò ant valè dlo ki gen nan yon volim lè espesifik ak kantite vapè dlo a kantite lè a ka sipòte vrèman.
<b>renewable resource</b>	<b>resous renouvlab</b>	Resous natirèl, tankou lè fre ak pifò nap freyatik, ki ka itilize nètale san l pa diminye rezèv ki disponib lan.
<b>reproduction</b>	<b>repwodiksyon</b>	pwodiksyon pwojeniti yon òganis fè; yon karakteristik tout kreyati vivan.
<b>residual soil</b>	<b>sòl rezidyèl</b>	Sòl ki lokalize anwo sibstra woche paran li.
<b>resistance</b>	<b>rezistans</b>	Yon pwopriyete ki detèmine kantite kouran k ap sikile; li egal a vòltaj la divize pa kouran an.
<b>resistor</b>	<b>rezistò</b>	Se yon aparèy ki gen yon rezistans espesifik; li ka fòme avèk fil ki long ak mens; grafit; oswa semi-kondiktè, epi souvan li sèvi pou kontwòle kouran ki nan sikui oswa nan pati sikui yo.
<b>resonance</b>	<b>rezonans</b>	Yon fòm espesyal mouvman amonik senp ki egzèse lè ti fòs yo aplike an entèval regilye sou yon objè k ap osiye oswa vibre epi anplitid vibrasyon an ogmante.
<b>resonance</b>	<b>rezonans</b>	Kondisyon ki endike lè plis pase yon estrikti valab Lewis egziste pou menm molekil la.
<b>response</b>	<b>repons</b>	reyaksyon yon òganis nan yon chanjman anviwònman entèn oswa ekstèn li.
<b>resultant</b>	<b>reziltant</b>	Yon vektè ki sòti nan rezilta sòm de (2) lòt vektè; li toujou pwente ant tay (longè) premye vektè a ak direksyon dènye vektè a.
<b>retina</b>	<b>retin</b>	kouch tisi mens padèyè zye a ki fòme avèk resepte limyè ak newon sansoryèl.
<b>retrograde motion</b>	<b>mouvman retwograd</b>	Mouvman annaryè yon planèt nan syèl la.
<b>rhizome</b>	<b>rizòm</b>	tij epè ak souteren (anba tè) yon foujè ak lòt plant vaskilè; li fonksyone souvan kòm yon ògàn pou estokaj manje.
<b>ribonucleic acid (RNA)</b>	<b>asid ribonikleyik(RNA)</b>	yon asid nikleyik ki fòme yon kopi ADN (asid dezoksi-ribonikleyik) pou itilize nan fè pwoteyin.
<b>Ribosomes</b>	<b>ribozòm</b>	òganèl ki asosye ak manbràn nan sitoplas la kote pwoteyin yo rasanble.

<b>Richter scale</b>	<b>echèl Richtè</b>	Echèl an chif ki itilize pou mezire mayitid yon tranblemanntè; echèl la sèvi avèk vallè ki baze sou dimansyon pi gwo onn seyismik tranblemanntè a.
<b>rock cycle</b>	<b>sik wòch</b>	Ansanm pwosesis san rete ki dinamik; nan pwosesis sa yo, wòch yo chanje an lòt kalite wòch.
<b>rods</b>	<b>batonè retinyen</b>	selil reseptè nan retin nan ki adapte pou vizyon nan limyè sonm; li ede detakte tou fòm ak mouvman.
<b>root</b>	<b>rasin</b>	ògàn plant ki absòbe dlo ak mineral anjeneral nan sòl la; li gen ladan tisi vaskilè; li mouye plant lan; li ka yon ògàn estokaj.
<b>runoff</b>	<b>ekoulman</b>	Dlo k ap koule an pant desandan sou sifas tè a epi ki ka antre nan yon wiso, rivyè oswa lak.